



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON PSC NAN PWOJÈ LIY  
TRANSMISYON MAJÈ SOTI NAN KONTE ONEIDA RIVE NAN KONTE ALBANY**

*Liy transmisyon modèn ki evalye a 154.5 kilomèt la pral pèmèt pi gwo sikilasyon  
enèji pwòp nan mache ki gen anpil demand yo nan pati Sid la*

*Akselere sistèm pou entegre sous enèji renouvlab yo*

*EStimile ekonomi lokal la nan ogmante travay ak salè nan konstriksyon*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Komisyon Sèvis Piblik Eta New York (New York State Public Service Commission) la te apwouve yon liy transmisyon 154,5 kilomèt ak 345 kilovòl (kV) k ap kòmanse nan Konte Oneida epi pwolonje nan Konte Albany pou pèmèt pi gwo sikilasyon enèji pwòp nan kad Dsikou sou Sitiyasyon Eta 2021 an Pwojè ki koute prèske 854 milyon dola, ke yo rele Pwojè Modènizasyon soti nan Marcy rive nan New Scotland (Marcy to New Scotland Upgrade Project), fèt pou akselere sikilasyon elektrisite ki pwòp epi fyab nan mache ki gen anpil demann yo nan pati Sid la. Inisyativ la ogmante tou kapasite transmisyon pou avanse enèji ak efikasite an konfòmite ak objektif Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a ak alafwa Lwa Akselerasyon Kwasans Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) pou bese emisyon kabòn yo ak konbat chanjman nan klima. Anplis de sa, pwojè a prevwa estimile ekonomi lokal ak rejyonal la nan ogmante travay ak salè nan endistri konstriksyon an.

"New York ap pran mezi agresif pou vin yon lidè nan ekonomi enèji vèt la nan amelyore fyabilite ak rezilyans enfrastrikti enèji eta a ak konstwi yon nouvo otowout enèji pou deplase enèji ale nan zòn ki gen anpil demann yo nan pati Sid la avèk efikasite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Amelyorasyon Marcy-New Scotland lan se yon eleman enpòtan nan efò sa a epi yon fwa ke li acheve, li pa pral sèlman diminye konjesyon enèji ak depans pou pwodiksyon yo, men li pral amelyore konpetisyon sou mache a, epi kreye bon djòb tou. Avèk apwobasyon PSC a ki garanti kounye a, nou franchi yon etap pi pre pou kòmanse travay ak fè avanse New York nan direksyon yon avni ki pi pwòp ak pi vèt".

[Pwojè Amelyorasyon soti Marcy pou rive New Scotland](#) lan, ke LS Power Grid New York Corporation ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) devlope yon fason konjwen, enplike retire liy transmisyon ki deja egziste yo ak enstalasyon

nouvo liy nan apeprè 154.5 kilomèt nan koridò transmisyon ki egziste deja yo. Li gen ladan amelyorasyon nan soutasyon ki nan Marcy ak Edic nan Konte Oneida, konstriksyon yon nouvo soustasyon nan Vil Princetown, konstriksyon yon nouvo soustasyon ak amelyorasyon nan yon soustasyon ki deja egziste nan Vil Rotterdam, tou de nan Konte Schenectady, ak amelyorasyon nan yon soustasyon nan Vil New Scotland, Konte Albany. Pwojè a pral ranplase transmisyon ansyen ak demode - pami yo genyen ki gen plis pas 60 an - avèk dènye teknoloji yo pral pèmèt flo enèji pi efikas epi an menm tan redui kantite estrikti transmisyon yo. Yo prevwa liy transmisyon yo reabti yo ap an sèvis avan fen ane 2023 la.

**Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, John B. Rhodes te deklare,** "Lejislasyon CLCPA New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak kantite transfòmasyonèl nan enèji renouvlab, ki anretou egzije nouvo transmisyon entèlijan pou konekte kouran sa a ak kliyan yo. Pwojè nou ap apwouve jodi a pwoteje enterè piblik la epi li founi enpak pozitif siyifikatif sou anplwa ak klima ki nan avantaj tout Nouyòkè yo".

**Gil C. Quiniones, ki se Direktè Egzekitif Jeneral ak Prezidan Otorite Enèji New York la, te deklare,** "Gouvènè Cuomo nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2021 li an te pataje kòman nouvo kapasite transmisyon yo pral enpòtan nan transfòmasyon enèji pwòp nou an. Otorite Enèji New York la posede ak opere yon tyè nan sistèm transmisyon eta a. Nou kontan pou nou dirije ak prete ekspètiz ak eksperyans nou nan Pwojè Amelyorasyon soti Marcy rive nan New Scotland lan, nan travay avèk patnè nou an ki se LS Power Grid New York Corporation. Ansanm, nou pral amelyore kapasite nou pou kraze pwen konjesyon yo epi entegre plis enèji pwòp nan rezo elektrik eta nou an".

**Direktè Egzekitif Jeneral LS Power Grid New York Corporation lan, Paul Segal, te deklare,** "LS Power Grid New York, nan travay ansanm avèk Otorite Enèji New York, selebre apwobasyon sa yo, ki make yon gwo etap enpòtan sou pwojè enfrastrikti enpòtan sa a pou lavni enèji pwòp Eta New York la. Nou remèsye Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), ak lòt ajans Eta pou revizyon ak anpil atansyon yo pou rive nan etap sa a. Avèk apwobasyon sa yo, nou pare pou kòmanse konstriksyon pwojè nan konte Schenectady ak Albany nan kòmansman mwa fevriye a".

Anplis de sa, Komisyon an te apwouve plan jesyon anviwònman ak konstriksyon an ke yo te depoze pou konstwi ak opere yon pwojè transmisyon ke yo rekonèt kòm Empire State Line Project (Pwojè Liy Empire State). Pwojè NextEra Energy Transmission New York, Inc. a gen ladan yon liy transmisyon 32 kilomèt epi 345 kV ki sitiye nan konte Niagara ak konte Erie. Konstriksyon pwojè a ta dwe kòmanse byento.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwojè Depatman Sèvis Piblik sa yo nan [www.dps.ny.gov](http://www.dps.ny.gov), nan fè rechèch nan nimewo dosye/ka yo: 19-T-0549; 19-E-0739; 18-T-0499 ak 20-E-0361 oswa nan Biwo Dosye Komisyon an, nan 14èm etaj, 3 Empire State Plaza, Albany, NY 12223 (518-474-2500). Si ou gen difikilte pou konprann anglè,

tanpri rele 1-800-342-3377 pou sèvis asistans lang gratis konsènan kominike laprès sa a.

Pwogram klimatik nasyonal Gouvènè Cuomo a se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo-emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan envestisman plis pase 4 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan yap satisfè yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman enèji pwòp pou kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 trilyon BTU (British thermal units) nan ekonomi itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)